



Mizajou nan admisyon lekòl presegondè ak lekòl segondè

Chè fanmi ak estaf,

Oktòb preske rive, sa vle di peryòd [aplikasyon pou lekòl presegondè ak segondè](#) pral ouvè (aplikasyon pou lekòl segondè ap kòmanse 1ye oktòb, epi aplikasyon pou lekòl presegondè a ap kòmanse 9 oktòb). Se yon moman enteresan pou elèv ak fanmi pandan y ap konsidere opsyon yo genyen. Kòm pi gwo sistèm lekòl nan peyi a, mwen fyè dèske nou ofri yon pakèt opòtinite nan edikasyon, epi mwen vrèman kwè gen yon bagay pou tout moun nan Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS).

Semèn sa a, nou te anonse kèk mizajou ak amelyorasyon pou ede chak fanmi pran pi bon desizyon pou avni pitit li.

Dabò, n ap lanse yon nouvo seksyon nan [MySchools](#) otòn sa a k ap ede elèv ki prale nan lekòl segondè konprann pi byen chans yo genyen pou resevwa yon òf nan nenpòt pwogram patikilye, dapre karakteristik admisyon aplikan an tankou nòt nan kanè l, adrès li, ak nan ki gwoup priyorite li ye. Avèk enfòmasyon sa a, fanmi ka pran bon jan desizyon sou fason pou klase diferan opsyon kote li ka ale epi prepare yon aplikasyon balanse.

Anplis, ane sa a, elèv ak fanmi ap gen plis aksè nan opsyon lekòl presegondè, paske kounye a y ap kapab aplike nan nenpòt lekòl presegondè atravè vil la. Pandan lekòl yo ap kenbe priyorite pou zòn lakay ak/oswa distri li, lekòl ki gen plas disponib kounye a pral kapab aksepte elèv ki pa nan distri a.

Epi anfen, nou fè mizajou nan tout aplikasyon pou admisyon pou pèmèt elèv mete otan pwogram li vle sou lis, plis pase maksimòm 12 la. Sa a bay fanmi yon pi gwo opòtinite pou jwenn yon lekòl ki bon pou pitit li.

Finalman, chanjman sa yo bay plis aksè pou tout opòtinite nan edikasyon ekselan ak enteresan nou gen pou ofri. Soti nan klas ki fèt an de lang nou yo rive nan lekòl segondè edikasyon teknik ak karyè nou yo, soti nan pwogram art rive nan pwogram STEM ak plis ankò, mwen vrèman kwè, jan mwen te di li nan kòmansman bilten nouvel sa a, gen yon bagay pou tout moun la a nan NYCPS.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



schools.nyc.gov/Enrollment

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC” epi chwazi lang ou vle a.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou an.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).